



ne ko: yaw yaay sunu sang, mu ne nu: "sang bi mooy Yàlla", nu ne ko: yaanu gën, gën noo màggi xéewal, mu ne nu: "waxleen la ngeen daa wax, mbaa lenn ca la ngeen daa wax, te bu leen saytaane yóbbaaale

Jële na ñu ci Abdullah Ibnus siqiir -yal na ko Yàlla dollee gërëm- me wax ne: man ak mbooloo ci Banuu Aamir dañoo ñëw ci Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc-, ne ko: yaw yaay sunu sang, mu ne nu: "sang bi mooy Yàlla", nu ne ko: yaanu gën, gën noo màggi xéewal, mu ne nu: "waxleen la ngeen daa wax, mbaa lenn ca la ngeen daa wax, te bu leen saytaane yóbbaaale".

[Wér na] [Abóo Daawuda soloo na ko,ak Ahmat]

Am mbooloo dañoo dem ci Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc-, ba ñu eggee ci moom wax ko -ngir di ko tagg- yenn kàddu yoy Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- bëggu ko, Ñu ne ko: "yaw yaay sunu sang", Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- ne leen: "sang bi mooy Yàlla" Mooy sàngu lépp lu mu sàkk, te ñoom ay jaamam lañu. Ñu ne ko: yaw "yaa ñu gën ay ngëneel" te gën ñoo kawé daraja ak teddnga ak i may. Te yaw "yaa nu gën a màgg ay xéewal" ëpp nu ay may gën noo kawé. Topp Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- digal leen ñu wax seen wax ja ñu daan wax, te bañ a sonal seen bopp ci yenn wax yi, te saytaane bañ leen a yóbb ci ëppal ak ci jaye gu leen di tàbbal ci lu aram niki bokkaale ak i juntu kaayam.

<https://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/3389>

